



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE AMAZON CHWAZI LONG ISLAND CITY POU NOUVO SYÈJ PRENSIPAL LI A

Nouvo Kanpis la Reprezante Pi Gran Pwojè Devlopman Ekonomik ki Genyen nan Istwa Eta New York

Amazon pral Kreye ant 25,000 ak 40,000 Nouvo Djòb k ap Peye yon Salè plis Pase 150,000 dola an Mwayèn, y ap Envesti plis Pase 3.6 Milya Dola Pandan yon Peryòd 15 Zan epi Kreye 27.5 Milya Dola nan Revni Taks Pandan yon Peryòd 25 kan

238 Vil Toupatou Atravè Amerik Dinò a te Antre an Konpetisyon pou Pwojè Milti-Milya Dola sa a k ap Ofri plis Pase 900% Randman sou Envestisman an pou New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra Bill De Blasio te anonse ke Amazon pral tabli yon nouvo syèj prensipal nan Long Island City, Queens. Desizyon an swiv yon pwosesis seleksyon global, ki te dire yon ane kote 238 vil toupatou atravè Amerik Dinò a te antre an konpetisyon pou pwojè milti-milya dola sa a.

An 2019, Amazon pral okipe jiska 500,000 pye kare nan One Court Square pandan y ap travay pou yo konstwi kat milyon pye kare espas komèsyal sou bò rivaj Long Island City lan pandan 10 zan k ap vini an yo, avèk opònite pou agrandisman jiska 8 milyon pye kare pandan 15 zan k ap vini an yo. Atravè investisman 3.6 milya dola total sa a, Amazon pral tire de mendèv divèsifye, ki plen talan an ki gen nan Eta New York la pou yo ranpli omwen 25,000 nouvo djòb apati 2029, ak jiska 40,000 djòb apati 2034, k ap peye yon salè plis pase 150,000 dola an mwayèn. Yo prevwa konstriksyon an pral kreye 1300 djòb konstriksyon dirèk an mwayèn chak ane jiskan 2033. An jeneral, yo estime pwojè a pral kreye plis pase 107,000 djòb dirèk ak endirèk, plis pase 14 milya dola an nouvo revni taks pou Eta a ak 13.5 milya dola nan revni taks nèt pou Vil la pandan 25 ane k ap vini an yo. Pwojè a ap ofri yon randman 9:1 sou investisman an.

“Lè mwen te pran pouvwa a, mwen te di ke nou pral konstwi yon nouvo Eta New York - youn ki responsab sou plan fiskal epi k ap ankouraje yon klima ki favorab a biznis k ap atiran pou konpayi ki an ekspansyon yo ak endistri demen yo. Nou te respekte pwomès sa yo ak plis ankò, epi jodi a, avèk angajman Amazon pran pou l agrandi syèj li a nan Long Island City lan, New York ka di avèk fyète ke nou te atire youn nan pi gran

investisman devlopman ekonomik konpetitif ki genyen nan istwa Etazini”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk yon salè 150,000 dola y ap peye an mwayèn chak ane pou anpli milye nouvo djòb yo, Amazon ap kreye nan Queens, opòtinite ekonomik ak investisman ki pral fleri pou tout rejyon an nèt. Amazon konprann ke New York gen tout sa yon konpayi bezwen pou l pouswiv kwasans li. Pwogram enfrastrikti Eta a k ap koute plis pase 100 milya dola a - ki se investisman ki pi anbisyè ki fèt nan istwa nou - melanje ak inisyativ nou ap antreprann sou plan edikasyon an yo tankou fòmasyon sou teknoloji nan lekòl leta yo soti nan matènèl jiska dènye klas segondè yo (K-12) ale nan tou premye pwogram Bous Detid Excelsior la (Excelsior Scholarship), pral ede asire siksè alontèm ak yon rezèv talan inegale pou Amazon”.

“Sa se yon trè gran pa nan pakou nou ap fè pou nou konstwi yon ekonomi nan Vil New York ki pap kite okenn moun deyè. Nou kontan anpil paske Amazon te chwazi Vil New York pou dezyèm syèj prensipal li a. Nouyòkè yo pral gen anpil milye nouvo djòb ki byen peye, epi Amazon pral jwenn pi meyè talan pase tout lòt kote nan mond lan. Nou pral itilize opòtinite sa a pou nou rann bon jan karyè nan sektè teknoloji a aksesib pou anpil milye moun k ap chache plante pye yo nan nouvo ekonomi an, pami yo inivèsite ak lojman piblik Vil la yo. Vil la ak Eta a ap travay depre ansanm pou yo asire ke yo planifye agrandisman Amazon lan nan fason entèlijan, epi pou yo asire ke katye ki an kwasans rapid la yo gen mwayen transpò, lekòl, ak enfrastrikti yo bezwen yo”, **Majistra De Blasio te di.**

Li Pwotokòl Dakò (Memorandum of Understanding, MOU) ant Eta a, Vil la, ak Amazon lan [isit la](#).

Ane pase Amazon te pibliye yon Apèl Òf (Request for Proposal, RFP) pou yo chwazi youn oswa plis lokalite pou mete operasyon adisyonèl syèj li yo nan zòn Amerik Dinò a, sa ki te lakoz yon konpetisyon san parèy pami plis pase 230 rejyon metwopolitèn. Pwopozisyon konjwen Vil New York-Eta New York la te konsantre sou talan san parèy ak kapasite enstitisyon akademik, lekòl leta ak pwogram fòmasyon mendèv New York genyen yo pou ranpli pòs travay Amazon pral kreye yo nan menm rit ak kwasans rapid demann konpayi an yo. Fonksyonè devlopman ekonomik Eta New York-Vil New York la yo te kolabore pou yo soumèt yon repons solid epi yo te travay depre avèk Amazon pandan ane ki sot pase a sou pwopozisyon gayan sa a.

Daprè etid sou enpak ekonomik REMI, Inc, ki se yon lidè mondyal nan previzyon dinamik ak analiz politik te fè a, pwojè Amazon lan pral jenere plis pase 186 milya dola nan Pwodwi Bri Eta a (Gross State Product) pou ekonomi Eta New York la pandan premye 25 ane yo. REMI prevwa tou plis pase 14 milya dola ototal nan nouvo revni taks pou Eta a (nan dola 2019), avèk revni anyèl yo k ap ogmante soti 10.8 milyon dola an 2019 pou rive prèske 1 milya dola an 2043. Vil la prevwa resevwa 13.5 milya dola nan nouvo revni taks ototal.

Akò Vil-Eta a genyen ak Amazon lan gen ladan angajman pou yo konstwi sou sit yo a, yon sant pou anplwa y ap finanse ansanm k ap mezire 10.000 pye kare pou konekte rezidan lokal yo ak djòb ak fòmasyon yo. Yon investisman 15 milyon dola pral agrandi pwogram JobsPlus la rive nan Queensbridge Houses, epi agrandi fòmasyon san frè eskolè nan domèn teknoloji a pou rezidan li yo —sa k ap sèvi prèske 1,800 rezidan pandan 10 zan k ap vini an yo.

Akò a te sekirize tou yon nouvo lekòl leta entèmedyè ki gen apeprè 600-plas, yon pwomnad ak pak bò rivaj ki mezire 1,41 ekta, ak etablisman yon Fon pou Enfrastrikti Long Island City lan (Long Island City Infrastructure Fund) pou envesti 50 pousan nan benefis PILOT pwojè a nan transpò ak lòt priyorite ki genyen onivo katye a yo ke yo pral idantifye an kolaborasyon ak kominote lokal la.

“Sa se yon trè gran viktwa pou New York”, **Majistra Adjwen an, Alicia Glen te di.** “Amazon k ap vin sitiye la demontre ke kounye a Vil New York se yon sant global pou inovasyon ak teknoloji, epi se divèsite ekstraòdinè mendèv nou an, katye nou yo ak ekonomi nou an k ap atire yo. Envestisman 3.6 milya dola Amazon lan, ansanm ak envestisman li pral fè nan fòmasyon pwofesyonèl, espas lib, edikasyon ak enfrastrikti a yo, pral tabli Long Island City lan kòm youn nan distri kòmèsyal ki pi dinamik nan rejyon an”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) lan, Howard Zemsky, te deklare, “Sa se yon viktwa ekstraòdinè pou New York. Piske nou te sipòte tout vil ki gen nan eta a ki te soumèt pwopozisyon yo, nou ekstrèmman fyè paske nou te pote pi gran antant nan istwa ESD a vin nan Eta New York. Okazyon inik sa ki rive yon fwa nan vi a se yon omaj a ti inivèsite tankou gran inivèsite premye klas toupatou atravè eta a yo, epi pi enpòtan toujou se yon testaman pou talan ekstraòdinè ak mendèv divèsifye nou an. New York se yon lidè nan anpil domèn ak endistri ki an liy ak biznis Amazon lan - ki gen ladan medya nimerik, pwodiksyon fim, komèsyalizasyon, mòd, piblisite, tretman agrikòl ak pwodwi alimantè, teknoloji finansye ak plis ankò. Avèk yon istwa inovasyon pataje, New York ak Amazon pral devlope pi rapid ak pi entèlijan ansanm.

“Vil New York fyè pou nou akeyi nouvo dezyèm syèj Amazon lan. Nou santi nou menm jan nou te santi nou premye jou konpayi an te kòmanse fè rechèch onivo nasyonal la; pa gen okenn vil nan Amerik Dinò a ki pi byen ekipe pou sèvi kòm syèj prensipal nimewo 2 (HQ2) yo a pase New York”, **Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYCEDC a, James Patchett te di.** “Nou gen mendèv ki pi meyè, pi briyan ak pi divèsifye, epi nou gen vityèlman tout endistri nèt lakay nou. Soti nan enstitisyon akademik lidè nou yo rive nan divèsite selebre nou an, ki defini istwa rich nou an kòm yon kreze kiltirèl, New York inegale nan tout sa nou gen pou nou ofri. Nou atann pou nou kontinye travay ak patnè nou yo nan Eta a, fonksyonè lokal eli yo ak manm kominote a yo pou nou asire ke tout moun benefisye de arive Amazon nan Vil New York”.

Pou nou pote pwojè transfòmasyonèl, milti-milya dola sa a vin nan New York, Eta a te ofri yon pakè prim ankourajman ki baze sou pèfòmans k ap rive 1.705 milya dola ototal. Pakè a gen ladan yon kredi taks 1.2 milya dola atravè Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program), ki dirèkteman lye a angajman Amazon pran pou l kreye 25,000 nouvo djòb ak omwen 2.3 milya dola envestisman pandan dizan ansanm ak 505 milyon dola sibvansyon kapital ki dirèkteman lye a angajman Amazon pran pou l envesti 3.6 milya dola epi kreye jiska 40,000 nouvo djòb pandan 15 zan.

Anplis de sa a, konpayi a, Eta a, ak Vil la ap pran angajman 15 milyon dola - 5 milyon dola yo chak - pou yo kreye nouvo devlopman mendèv ki konsantre sou fòmasyon nan

domèn teknoloji ak rekritman ki espesifik a Vil New York epi ki sible anvè segman ki pa reprezante ase nan mendèv la yo. Pwogram inisyativ sa a ap sipòte yo gendwa gen ladan yo pwogram fòmasyon akselere sou teknoloji, estaj, ak opòtinite fòmasyon ki baze nan milye travay la yo pou elèv lekòl segondè yo. Nan kad pwogram preyezistan dedwa sa yo ke lalwa otorize yo, Amazon elijib pou yon rediksyon enpo lokatif pasyèl atravè Plan Karyè Akademik ak Endividyèl la (Individual Career and Academic Plan, ICAP) ak yon kredi anyèl 3,000 pou douzan pou chak anplwaye ki elijib nan kad Pwogram Èd pou Demenajman ak Èd pou Anplwa a (Relocation and Employment Assistance Program, REAP), ki se yon pwogram ki disponib pou tout konpayi pou ankouraje kwasans djòb andeyò Manhattan. Yo prevwa avantaj REAP ap genyen pou agrandisman 10 zan Amazon lan yo ap 897 milyon dola jiskan 2038, epi ICAP pral redwi apeprè 386 milyon dola.

Long Island City lan se youn nan katye ki gen kwasans ki pi rapid pami senk minisipalite yo. Pou yo satisfè bezwen ki akonpaye nouvo rezidan yo ak nouvo djòb yo, Vil la te kontinyèlman ogmante investisman li ap fè nan enfrastrikti zòn lan yo. An gwo, gen plis pase 2.4 milya dola investisman enfrastrikti yo planifye pou fèt atravè katye a, ki gen ladan yon investisman 180 milyon dola ke Vil la te anonse resaman pou nouvo lekòl, espas lib, ak transpò.

Eta a ak Vil la pral kolabore avèk konpayi a ak kominote lokal la pou yo mennen yon revizyon anviwònmanal epi devlope yon Plan Pwojè Jeneral (General Project Plan), menm jan yo konn fè tipikman pou gran pwojè devlopman Vil-Eta a yo, ki gen ladan zòn avwazinan Queens West la. Yon pral tabli yon Komite Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Committee), ki pral gen ladan reprezantan fonksyonè eli Eta a, Vil la, ak lokal yo. Anplis de sa a, Plaxall, ki se yon devlopè kominotè ki la depi lontan, pral fè vanse devlopman sou sit bò rivaj adjasan yo ki pral gen ladan planifikasyon k ap konplèman nouvo syèj Amazon lan. Pwojè a dwe respekte lwa ak objektif itilizasyon antrepriz komèsyal minorite ak fanm posede yo (minority and women-owned business enterprise, MWBE). Eta New York te tabli objektif ki pi elve nan nasyon an - a 30 pousan - pou itilizasyon MWBE yo.

Amazon te deja fè plizyè investisman kle nan Vil New York. Konpayi a gen yon prezans enpòtan toupatou atravè senk minisipalite yo, ki gen ladan biwo syèj sosyal yo gen deja yo, yon sant distribisyon ak tretman nan Staten Island, ak espas komèsyal an detay nan SoHo. Nan kòmansman ane sa a, Amazon te siyen yon lwaye pou yon espas biwo komèsyal ki mezire 360,000 pye kare nan fen zòn West Side Manhattan lan. Anplis de sa a, Amazon te achte bilding ki mezire 83,000 pye kare nan Woodside la resaman pou yo devlope yon dezyèm sant tretman, sa k ap konsiderabman agrandi anprent yo nan Vil New York epi kreye 2,000 djòb.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU